

Book 2 Insert Kisa Ou Ta Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo

Paj 6

Ranplase 1e Q&A (Kesyon&Repons) la ak bagay sa yo:

Q. Èske Mwen Ka Jwenn Asistans Tanporè Si Mwen Pa Sitwayen Ameriken (U.S)?

A. Si ou pa yon sitwayen Ameriken, ou dwe dokimante ke ou nan youn nan kategori ki nan lis anba a pou ka kalifye pou Asistans Tanporè (gen kèk moun ki ka elijib sèlman pou Asistans Filè Sekirite):

1. Yon resòtisan etranje ki pa sitwayen Ameriken; oswa
2. Yon Endyen Nò Ameriken ki fèt o Kanada ke dispozisyon Seksyon 289 Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (Immigration and Nationality Act, INA) a aplike pou li; oswa
3. Yon manm nan yon tribi endyen ki rekonèt o nivo federal, epi ki defini nan Seksyon 4(e) nan Lwa pou Asistans pou Edikasyon ak Otodetèminasyon Endyen (Indian Self-Determination and Education Assistance Act) (25 U.S.C. 5304(e)), ki te fèt andeyò Etazini; oswa
4. Yon etranje yo admèt nan etazini kòm yon refijye nan kad Seksyon 207 INA; oswa
5. Yon etranje yo bay azil politik anba Seksyon 208 INA; oswa
6. Yon etranje ki gen depòtasyon li ki pwograme pou lòt dat nan kad seksyon 243(h) INA, jan sa an vigè anvan 1 avril 1997, oswa yon etranje depòtasyon li pwograme pou yon lòt dat anan kad seksyon 241(b)(3) INA; oswa
7. Yon etranje ki se yon Kiben oswa yon Ayisyen ki antre, jan sa defini nan seksyon 501(e) nan Lwa pou Asistans Edikasyon Refijye (Refugee Education Assistance Act) ane 1980 an; oswa
8. Yon etranje yo admèt nan Etazini an kòm yon imigran Ameriken orijin Azyatik jan sa dekri nan Seksyon 402(a)(2)(A)(i)(V) nan Lwa sou Responsablite Pèsonèl ak Rekonsilyasyon Opòtinite Travay ane 1996 (8 U.S.C. 1612(a)(2)(A)(v)); oswa
9. Kèk etranje Hmong oswa Highland Laotian; oswa
10. Yon etranje ki kalifye ki nan sèvis militè aktif, ki pa lòt ke sèvis aktif pou fòmasyon, nan Fòs Lane Amerikèn, oswa mari/madanm yo, mari/madanm sivivan ki pa marye, oswa pitit depandan ki pa marye si mari/madanm oswa pitit depandan sa a se yon etranje tou nan yon estati ki kalifye; oswa
11. Yon etranje ki kalifye ki se yon veteran epi ki (1) te resevwa yon dechaj nan men Fòs Lane Amerikèn ki karakterize kòm onorab e non akòz li soti aletranje, oswa ki (2) gen yon kondisyon ki kalifye, jan sa defini nan Seksyon 350 nan Lwa Egzekitif Eta New York la, e li te resevwa yon dechaj ki pa lòt pase move konduit oswa ki dezonorab (e non akòz li soti aletranje) nan men fòs lane yo, oswa (3) se yon veteran LGBT ki gen dechaj, jan sa defini nan Seksyon 350 nan Lwa Egzekitif Eta New York la, epi li te resevwa yon dechaj ki pa lòt pase move konduit oswa ki dezonorab (e non akòz li soti aletranje) nan men fòs lane yo; oswa mari/madanm yo, mari/madanm siviv ki pa marye oswa ki remarye, oswa pitit depandan ki pa marye si mari/madanm oswa pitit depandan se yon etranje tou nan yon estati kalifye; oswa
12. Yon etranje ki kalifye ki te travay pou 40 trimès ki kalifye (Sekirite Sosyal) epi ki te legalman admèt pou rezidans pèmanan nan Etazini anvan 22 out 1996, oswa ki te antre Etazini nan oswa apre 22 out 1996, e ki te rezide Etazini pou senk oswa plis ane nan yon estati ki kalifye. Yon trimès ki kalifye gen ladan nenpòt trimès ke paran yon etranje te travay pandan etranje a pa te ko gen 18 ane epi nenpòt trimès ke yon mari/madanm te travay pandan maryaj la si etranje a rete marye ak mari/madanm lan oswa si

- mari/madanm lan mouri. Trimès yo touche apre 31 desanm 1996, pa konte si etranje a resevwa nenpòt avantaj pilik federal pa mwayen resous pandan trimès sa yo; oswa
13. Yon etranje ki kalifye ki te legalman admèt pou rezidans pèmanan nan Etazini anvan 22 out 1996, oswa ki te antre Etazini nan oswa apre 22 out 1996, e ki te rezide Etazini pou senk oswa plis ane nan yon estati ki kalifye.
 14. Yon etranje ki kalifye ki te antre Etazini nan oswa apre 22 out 1996, e ki te rezide Etazini pandan mwens ke senk oswa ane nan yon estati ki kalifye; oswa
 15. Yon etranje ki an libète kondisyonèl anba seksyon 212(d)(5) INA pou omwen yon ane; oswa
 16. Yon etranje yo akòde antre li o kondisyonèl nan kad Seksyon 203(a)(7) INA ki an vigè anvan, 1 avril 1980; oswa
 17. Kèk sitwayen Irakyan oswa Afgan ke yo te bay stati imigrasyon espesyal nan kad Seksyon 101(a)(27) nan INA oswa Seksyon 602(B)(1) nan Lwa pou Pwoteksyon Alye Afgan yo nan ane 2009 (AAPA)/Seksyon 1059(a) nan Lwa sou Otorizasyon Defans Nasyonal (National Defense Authorization Act, NDAA) la nan ane 2006; oswa
 18. Sèten etranje ke yo bat jan sa defini nan 8 U.S.C. 1641(c); oswa
 19. Yon etranje ki resevwa yon sètifikasyon oswa lèt kalifikasyon nan men Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak Sèvis Imen Etazini ki idantifye yo pou viktim yon fòm trafik imen grav oswa yon etranje klase kòm yon imigran dapre Seksyon 1101(a)(15)(T)(ii) nan Tit 8 an akò avèk Lwa 2000 sou Pwoteksyon pou Viktim Trafik ak Vyolans, jan sa amande; oswa
 20. Yon etranje ki gen estati ki pa nan lis pi wo a epi ki pa nan sans tèm etranje ki kalifye a men ki otreman konsidere ke li Rezide yon fason Pèmanan nan Kad Lwa Koulè (Permanently Residing Under Color of Law, PRUCOL) nan peyi Etazini an, ki gen ladan bagay sa yo:
 - a. Yon etranje ki an libète kondisyonèl anba seksyon 212(d)(5) INA pou mwens pase yon ane; oswa
 - b. Yon etranje ki abite Etazini dapre yon Dekrè Sipèvizyon anba Seksyon 241(a)(3) INA; oswa
 - c. Yon etranje yo anile depòtasyon li dapre Seksyon 240A INA; oswa
 - d. Yon etranje yo akòde estati aksyon difere; oswa
 - e. Yon etranje yo akòde estati viza "K3", "K4", oswa "V" ke yo etabli nan kad Lwa sou Ekite Familyal an matyè Imigrasyon Legal (Legal Immigration Family Equity Act, LIFE Act); oswa
 - f. Yon etranje yo akòde aksyon difere kòm soulajman pwovizwa pou yon viza "U"; oswa
 - g. Yon etranje yo akòde estati viza "S" oswa "U"; oswa
 - h. Yon etranje ki demontre ke yo te antre epi yo te toujou rezide Etazini anvan, 1 janvye 1972, dapre Seksyon 249 INA; oswa
 - i. Yon etranje ki se yon non-imigran pèmanan, dapre Lwa Piblik (P.L.) 99-239, jan sa amande pa P.L. 108-188 (ki aplikab pou sèten sitwayen nan Eta Mikwonezi Federe ak Repiblik Zile Marshall) oswa P.L. 99-658 (ki aplikab pou sitwayen nan Repiblik Palau); oswa
 - j. Yon etranje yo akòde Estati Pwoteksyon Pwovizwa (Temporary Protected Status, TPS) pa Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services, USCIS) an; oswa
 - k. Yon etranje ki gen yon aplikasyon azil annatant epi USCIS te akòde li otorizasyon travay; oswa
 - l. Yon etranje ki se yon benefisyè depa fòse difere dapre yon deziyasyon pa Prezidan Etazini an; oswa

- m. Yon etranje apwouve pa USCIS la pou klasifikasyon Espesyal pou Imigran Jivenil (Special Immigrant Juvenile, SIJ); oswa
- n. Yon etranje ke USCIS te ofisyèlman detèmine ke li prezan yon fason lejitim nan Etazini epi ke USCIS la pèmèt li rezide nan peyi a pou yon peryòd tan endefini.